**दिन–शनिवार** **दिनांक–25.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

आइ मिथिलांचल समेत संपूर्ण प्रदेश मे जानकी नवमी धूम–धाम सँ मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सीतामढ़ीक पुनौराधाम मे राम–जानकी मंदिर जा कऽ पूजा–अर्चना कयलनि। एहि संग आइ सँ दू दिवसीय सीतामढ़ी महोत्सवक शुभारंभ सेहो भेल। जानकी नवमीक अवसर पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करैत मुख्यमंत्री कहलनि जे जानकी स्थानक सभ निर्माण काज के एकतीस दिसंबर दू हजार अठाईस धरि पूरा कऽ लेल जायत। विदित अछि जे सीतामढ़ी स्थित जानकी मंदिर के अयोध्याक राम मंदिरक तर्ज पर सीतापुरम विकसित कयल जा रहल अछि। कार्यक्रम के भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी समेत आनो गणमान्य लोक संबोधित कयलनि। एम्हर, दरभंगा मे विद्यापति सेवा संस्थान दिस सँ आयोजित जानकी नवमीक कार्यक्रम मे सांसद गोपालजी ठाकुर हाल मे मिथिलांचलक विकास लेल कयल गेल कार्यक्रमक चर्चा कयलनि। संस्थानक दिस सँ आयोजित कार्यक्रम मे धनुर्धारी सीताक पूजन डॉक्टर अमलेन्दू शेखर पाठक कयलनि। एहि अवसर पर संस्थानक महासचिव डॉक्टर वैद्यनाथ चौधरी बैजू जानकी नवमीक महत्वक वर्णन कयलनि। एकर अतिरिक्त आनो–आन ठाम सँ समारोहपूर्वक जानकी नवमी मनेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि।

---

जानकी नवमीक अवसर पर राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार प्रदेशवासी के अपन बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि रवि दिन एगारह बजे आकाशवाणीक मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई मन की बात कार्यक्रमक एक सय तैतीसम संस्करण होयत। एकर प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाईट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर कयल जायत। एआईआर न्यूज, डीडी न्यूज प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो एकर सीधा प्रसारण होयत। हिन्दी प्रसारणक तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत।

————————————————————————————

पोषण पखवाड़ाक आयोजन मे बिहार के देश भरि मे पहिल स्थान प्राप्त भेल अछि। बाल विकास परियोजना निदेशालय दिस सँ पटनाक ज्ञान भवन मे आयोजित पोषण पखवाड़ाक समापन समारोह मे उपमुख्यमंत्री विजेन्द्र प्रसाद यादव ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे एहि क्रम मे प्रदेश मे एकहत्तरि लाख सँ बेसी गतिविधिक आयोजन कयल गेल।

————————————————————————————

नव दिल्ली मे संस्कृति मंत्रालय द्वारा आयोजित पांच दिवसीय मलंगिया महोत्सव मे मैथिलीक प्रसिद्ध कथाकार डॉक्टर अशोक के दिल्ली विधानसभाक अध्यक्ष विजेन्द्र गुप्ता आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री विजय गोयल सम्मानित कयलनि। एहि अवसर पर एनएसडीक निदेशक चितरंजन त्रिपाठी समेत कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। आजुक कार्यक्रम मे मैथिली नाट्य संस्था भंगिमा द्वारा महेन्द्र मलंगिया लिखित आ किशोर केशवक निर्देशन मे भाषणक दोकान एकांकीक मंचन कयल गेल। एकांकी मे मैथिलीक नाट्य कलाकार रामश्रेष्ठ पासवान, प्रगति सोनी, बैजू झा आ प्रीति कुमारी समेत आनो कलाकार भाग लेलनि। मलंगिया महोत्सवक समापन अठाईस अप्रील के होयत।

————————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय अपन एक निर्णय मे कहलक अछि जे हिंदू विवाह अधिनियमक अंतर्गत तलाकक डिक्री तखनहि देल जा सकत, जखन पति–पत्नी कम सँ कम एक बरख धरि अलग रहि चुकल होथि। न्यायमूर्ति नानी तागिया आ न्यायमूर्ति आलोक कुमार पांडेयक खंडपीठ कहलक जे एहि अनिवार्य शर्तक अभाव मे तलाकक अनुमति नहि देल जा सकत।

————————————————————————————

पटना–दीन दयाल उपाध्याय रेलखंड पर नेऊरा स्टेशन लऽग नन इंटरलॉकिंग काजक कारणे आइ आ काल्हि सात पैसेंजर ट्रेन के रद्द कयल गेल अछि, जखनकि बावन एक्सप्रेस ट्रेन के परिवर्तित मार्ग पर चलाओल जा रहल अछि। एहि मध्य यात्री लोकनिक भीड़ के देखैत सहरसा, रक्सौल, गोमो सँ स्पेशल ट्रेनक परिचालन कयल जा रहल अछि। ओतहि, उधना सँ दानापुर आ जयनगर लेल सेहो काल्हि सँ स्पेशल ट्रेनक परिचालन कयल जायत।

———————————————————————————

प्रदेश मे भीषण गर्मी सँ जन–जीवन प्रभावित भेल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला तीन–चारि दिन धरि गर्मीक प्रकोप बनल रहत। हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि अछि जे कड़गर रौद सँ खेती–बाड़ी सहित आनो काज बाधित भऽ रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त